Pou Piblikasyon Imedya: 27/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL AK PWOKIRÈ DISTRI KONTE QUEENS LAN, MELINDA KATZ, ANONSE KONDANASYON POU KONSPIRATÈ AKSIDAN MACHIN PLANIFYE SOU OTOWOUT VIL NOUYÒK YO

Lidè prensipal la ak konplis li a pran prizon paske yo te òganize aksidan an 2024

Gouvènè Hochul te goumen epi li te asire gwo refòm pou konbat fwòd epi diminye prim asirans oto pou Nouyòkè yo

Gouvènè Kathy Hochul ak Pwokirè Distri Queens la, Melinda Katz, te anonse jodi a kondanasyon Jaime Huiracocha, 53 an, ak Victor Murillo, 34 an, toulede se moun Brooklyn. Yo te jwenn tou de moun yo koupab de akizasyon ki gen rapò ak twa aksidan sou otowout nan Vil Nouyòk yo epi yo te mande peman asirans ki gen fwod pou domaj ak blesi. NYPD te mennen ankèt la avèk asistans envestigatè ki soti nan Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta Nouyòk la.

Nan anons jodi a, Gouvènè Hochul te mete aksan tou sou gwo refòm li te goumen pou yo epi li te jwenn pi bonè ane sa a — pou ede diminye depans pou plizyè milyon Nouyòkè lè yo konbat fwod ki te ogmante prim asirans oto yo pandan twò lontan.

"Jodi a n ap voye yon mesaj bay moun ki ta ka fè fwod toupatou yo: Si ou planifye yon aksidan, eseye twonpe oswa mete Nouyòkè yo an danje, ou pral responsab pou sa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kalite konpòtman san reflechi ak ilegal sa a ap ogmante pri asirans oto pou plizyè milyon Nouyòkè depi twò lontan. Lè nou pran mezi sevè, nou pa sèlman retire kriminèl danjere yo sou wout nou yo, men nou remete lajan nan pòch chofè chak jou yo."

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk te angaje l pou konbat fwod asirans epi redwi prim asirans machin yo. Bidjè pou Ane Fiskal 2027 la ke yo te adopte a te gen ladan l refòm global pou adrese reklamasyon ki gen fwod ak aksidan yo planifye ki te kontribye nan ogmantasyon pri asirans oto pou fanmi Nouyòk yo.
Sa gen ladan:

- Pèmèt pwokirè yo mande sanksyon kriminèl kont nenpòt moun ki responsab pou òganize yon aksidan planifye, pa sèlman moun ki dèyè volan an
- Limite domaj pou moun ki angaje yo nan konpòtman ilegal nan moman aksidan

- Ranfòse definisyon legal yo pou klarifye sa ki konstitye yon 'blesi grav', rezève domaj pou moun ki kapab demontre objektivman ke yo te sibi yon blesi grav.
- Limite domaj pou moun ki gen pifò fot nan lakoz yon aksidan
- Aplike yon siveyans strik sou tarif konpayi asirans yo
- Entèdi konpayi asirans yo fikse tarif ki baze sou faktè pèsonèl ki pa nesesè tankou lwa sou sitiyasyon pwopriyetè kay, edikasyon oswa kòd postal.

DFS te pibliye direktiv pou mete refòm sa yo an aplikasyon nan mwa jiyè. Anba direksyon Gouvènè Hochul, DFS la transfòme apwòch li nan konbat fwod finansye lè li rekonstwi ak modènize Biwo Fwod Asirans li a, tankou atravè anboche nouvo lidèchip ak ekspè, envesti nan solisyon teknolojik modèn, jwenn resous esansyèl epi ranfòse patenarya ak fòs lòd yo nan tout eta a. Nan mwa jiyè a, DFS te asosye avèk Lapolis Nouyòk pou bay fòmasyon espesyalize bay plizyè santèn patnè lapolis pou amelyore envestigasyon yo.

Avoka Distri Queens lan, Melinda Katz, te deklare, "Kolizyon oto ki planifye yo pa sèlman tèrifye chofè ke yo sible yo, men yo mete lòt otomobilis an danje epi finalman mennen nan ogmantasyon pri asirans pou tout Nouyòkè yo. Gras ak yon viktim ki te gen kouraj pou l pale epi bay videyo kamera machin li, ansanm ak yon ankèt Biwo kont Fwod Finansye (Financial Frauds Bureau) mwen an te mennen avèk patnè nou yo nan Depatman Lapolis Vil Nouyòk (NYPD) ak Depatman Sèvis Finansye Eta Nouyòk la, nou te jwenn kondanasyon kont de akize ki te òganize twa aksidan. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li se yon lidè nan tout peyi a sou pwoblèm fwod asirans epi li te mete an plas yon seri refòm ki pral ede pwokirè yo pote plis ka epi ekonomize lajan Nouyòkè yo."

Sirentandan Pwovizwa Depatman Sèvis Finansye Eta Nouyòk la, Kaitlin Asrow, te deklare, "Fwòd asirans lakòz plis depans pou tout chofè yo epi li se yon presyon sou sistèm asirans Nouyòk la. Aplikasyon lwa kont fwòd la se yon pati nan travay kontinyèl DFS la pou aplike plan konplè Gouvènè Hochul la pou diminye pri asirans pou Nouyòkè yo. Mwen remèsye Gouvènè a, Pwokirè Distri Queens lan, ak Depatman Lapolis Nouyòk la pou patenarya yo a."

Huiracocha te plede koupab nan mwa me pou fwod asirans nan twazyèm degre ak konplo nan senkyèm degre. Jij Lakou Siprèm Queens lan, Jerry Iannece, te kondane l pou youn a twa zan prizon pou premye akizasyon an ak yon ane prizon pou dezyèm akizasyon an, epi de santans yo ap dewoule an menm tan.

Murillo te plede koupab paske li te planifye yon aksidan machin nan dezyèm degre, fwod asirans nan katriyèm degre ak konplo nan senkyèm degre. Jij Iannece te kondane l a dezan prizon pou de premye akizasyon yo ak yon ane prizon pou twazyèm akizasyon an ki dwe dewoule an menm tan.

Dapre envestigatè yo, ant 24 out 2024 ak 16 oktòb 2024, Huiracocha ak Murillo te fè konplo pou yo te òganize aksidan machin sou otowout nan Vil Nouyòk yo kòm yon pati

nan yon konplo fwod asirans. Akize yo te rekrite moun pou patisipe nan twa aksidan machin separe epi yo te sedui yo avèk pwomès pou yo peye plizyè milye dola an lajan kach.

Murillo te aji kòm chofè deziyen pou aksidan sa yo. Pandan chak kolizyon yo te planifye, akize a te frene machin li t ap kondui a sanzatann e volontèman, sa ki te lakòz machin ki te dèyè l la te frape machin li t ap kondui a pa dèyè. Nan yon ka, lè machin ki te dèyè l la te frene a tan pou evite yon kolizyon, Murillo te fè bak sou machin sa a epi li te lakòz yon aksidan.

Pandan aksidan yo te prepare yo, Huiracocha te kondui nan yon machin apa epi li te swiv Murillo sou gran wout la epi li te di l egzakteman ki lè ak kijan pou l prepare kolizyon yo. Apre aksidan yo, Murillo te monte sou chèz pasaje devan chak machin epi li te soti nan machin nan sou bò pasaje a. Pasaje ki te sou chèz dèyè a te bouche aksyon l yo epi yo te kouvri fenèt dèyè a ak yon prela oswa yon sak plastik.

Apre sa, Murillo te kouri kite sèn nan chak fwa nan yon machin yo te itilize pou sove, ki te vin kanpe devan machin li t ap kondi a. Nan twa kolizyon yo, moun ki te rete nan machin Murillo a te soti nan machin nan epi yo te fè tankou yo te blese. Huiracocha te bay pasaje yo enstriksyon pou yo ale nan klinik medikal espesifik apre aksidan yo.

Aksidan planifye yo te fèt nan dat sa yo:

- Nan dat 24 out 2024, vè 8è nan maten, yon dam 47 an ki soti Long Island t ap kondui nan direksyon lwès sou Belt Parkway toupre sòti Erskine Street la. Yon Honda Civic ajan ke Murillo t ap kondui te antre nan liy lan dirèkteman devan li epi li te rete, sa ki te fòse l fè kolizyon ak machin nan. Imaj kamera machin viktim nan te pran an te montre Murillo ap soti nan Honda a epi antre nan yon Kia wouj ki te kanpe dirèkteman devan machin nan apre aksidan an.
- Nan dat 3 oktòb 2024, vè 12 p.m., yon nonm 44 an ki soti New Jersey t ap kondui kamyon trelè li nan mitan liy Otowout Nassau a, toupre Cross Bay Boulevard nan Lindenwood. Yon Nissan Xterra, se Murillo ki t ap kondi li, te antre toudenkou nan liy mitan an dirèkteman devan kamyon an. Chofè kamyon an pa t kapab evite frape Nissan lan. Murillo soti nan Nissan nan, li monte nan yon lòt machin ki te kanpe devan l, epi li kite sèn lan byen vit. An menm tan, yon fi te deklare bay chofè kamyon an ke se li menm ki te kondui Nissan lan pandan kolizyon an. Apre machin yo te itilize pou sove a te ale ak Murillo, yon lòt machin te kanpe sou sèn nan. Huiracocha soti epi li pale ak chofè kamyon an.
- Nan dat 16 oktòb 2024, vè 12 p.m., yon dam 31 an ki soti Queens t ap kondui nan direksyon nò sou liy gòch Belt Parkway nan Rosedale, toupre fwontyè konte Nassau. Yon Honda Civic Murillo t ap kondi te antre devan machin fanm nan epi li te kanpe bridsoukou. Viktim nan te oblije frenen pou l evite yon kolizyon. Apre sa, Murillo te byen vit fè bak ak Honda a epi li te antre nan machin viktim nan, sa ki te domaje ni machin li ni Honda a. Imaj kamera machin nan pa sèlman montre kolizyon an, men tou yon Kia Sportage wouj ki t ap swiv machin dam nan. Apre aksidan an, Kia a te rete devan Honda a. Murillo, ki te monte nan chèz pasaje

devan an, te soti nan Honda a sou bò sa a. Apre sa, li te antre nan Kia a epi yo te kondui li ale kite sèn lan.

Defandan Maikel Martinez ak Ivon Matus-Martinez, swadizan patisipan nan aksidan yo, te plede koupab tou epi yo espere jwenn kondanasyon yo mwa pwochen.

Manm Asanble David Weprin te deklare, "Kolizyon ki fèt san plan yo pa sèlman fwod asirans - yo se krim danjere ki mete chofè inosan ak fanmi yo an danje volontèman. Antanke Prezidan Komite Asirans Asanble a, mwen konnen fwod sa a lakòz tou depans nesesè nan sistèm asirans nou an, depans ke anfen se Nouyòkè onèt yo ki peye li. Mwen felisite Pwokirè Distri Queens lan Melinda Katz, Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan fòs lòd la paske yo pran konplo sa yo oserye epi rann moun ki lakoz yo responsab. Nou dwe kontinye travay ansanm pou konbat fwod, pwoteje otomobilis yo, epi fè asirans oto pi abòdab pou Nouyòkè yo."

Nenpòt moun ki panse yo te viktim fwod asirans, yo ankouraje pou yo rele Liy Dirèk kont Fwod Asirans lan nan nimewo 888-372-8369 oubyen vizite dfs.ny.gov/consumers pou yo depoze yon rapò sou entènèt.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.